

Mizajou sou COVID-19 pou Anplwaye k ap Travay nan Apatman yo

Chè Rezidan,

Sekirite rezidan ak anplwaye nou yo se priyorite nou. Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) ap travay an tèt ansanm avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene) pou swiv Coronavirus (COVID-19) la, epi selon direktiv yo, nou te vle enfòmasyon w sou nouvo mezi Otorite a ap pran pandan vizit nan apatman yo.

Efektif imedyatman, anplwaye NYCHA yo pral pran mezi prekosyon sila yo anvan yo antre nan apatman w lan:

Pou yon reparasyon oswa yon vizit ki pa ijan, anplwaye NYCHA a pral mande si gen nenpòt moun nan kay la ki gen lafyèv, tous, oswa souf kout oswa si yo konfime gen moun ki genyen COVID-19. Nenpòt rezidan ki reponn "wi" pou kesyon sa a, yo pral mande l pou l ranvwaye dat randevou vizit la apre 14 jou oswa lè tout moun fè mye, pou sa, y ap rele Sant Kontak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) an oswa ale nan MyNYCHA.

Pou yon reparasyon ann ijans (pa egzanzp, gaz/fwit gaz, enteripsyon, elatriye) Anplwaye NYCHA yo pral poze menm kesyon an. Si nenpòt rezidan reponn "wi" pou kesyon sa a, y ap mande l:

1. Rete nan yon chanm apa (depi sa posib) epi fèmen pòt la jiskaske yo fin fè reparasyon ann ijans lan; oswa
2. Kenbe yon distans de omwen sis (6) pye (2 mètr) avèk anplwaye a jiskaske yo fini avèk reparasyon ann ijans lan si pa gen yon chanm apa ki disponib.

Si w chwazi pa reponn kesyon yo ak/oswa si w chwazi pou pa suiv enstriksyon ki pi wo yo, NYCHA pral ranvwaye dat randevou a.

Tanpri souple note byen ke anplwaye NYCHA yo k ap vini nan apatman w lan pou fè reparasyon yo ka chwazi mete mask oswa gan pandan l ap travay nan apatman w lan. Yo ka mande w tou pou w louvri fenèt nan apatman w lan pou ogmante ayerasyon an pandan y ap fè reparasyon an.

N ap pran mezi enpòtan sa yo pou kenbe kominote NYCHA nou an an sekirite. N ap kontinye ba w dènye enfòmasyon sou COVID-19 yo ofiramezi y ap prezante. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri rele CCC a nan 718-707-7771.

Pou plis enfòmasyon sou COVID-19, al gade nan nyc.gov/coronavirus.

Mèsi pou kolaborasyon w,

Greg Russ
Prezidan ak Direktè Jeneral

Vito Mustaciuolo
Administratè Jeneral